**Авар мац1                                        10 класс**

## Тема:Причастие.

## 1.Гьаб правило ц1але ва рак1алде ч1езабе:

Глаголалъул лъугьараб **прилагательноялда причастие абула:**

БАЯН:**Прилагательноялги причастиялги рат1а гьаризе зах1малъула.Гьединлъидал лъазе ккола:**

а)Прилагательноялъ бихьизабула предметалъул ч1араб хасият-сипат.

б)Причастиялъ загьир гьабула заманаялъ предметалъе лъугьараб ишалъул хасият-сипат.

***2.Х1алт1и***

***Ц1але.Прилагательнояздасан причастиял лъугьинарун хъвай:***

| **Прилагательное** | **Причастие** |
|---|---|
| Борхатаб гъвет1 | Борхалъараб гъвет1 |
| Хъах1аб шал | … |
| Къокъаб т1имугъ | … |
| Басрияб халича | … |
| Ч1ег1ераб ц1ибил | … |
| Г1урччинаб т1амах | … |
| Бецав чи | … |

**3.Предложениялда жаниб причастие бук1уна:**

**а)Определениелъун.**

**б)Г1адатаб сказуемоелъун.**

**в) Составияб сказуемоялъул ц1арулаб бут1алъун.**

***4.Кицаби ц1але.Гьанир ругел причастиязе суал лъе.Предложениялда жаниб кинаб членлъун гьеб ккун бугебали щибаб предложениялда хьолбохъ хъвай.***

Туркидул кири гьеч1еб,коч1ол х1акъ гьеч1еб.(……………………………….)

Абураб раг1и-рехараб ч1ор.(……………………….)

Т1егьалареб гъот1оца пихъ кьоларо.(…………………….)

**Причастияб сверел.**

**Жинда бараб цо яги чанго раг1игун бугеб причастиялда абула причастияб сверелилан.**

М и с а л:Рогьалилъ баккараб бакъ марк1ач1оде т1ерхьуна.(Ч1анк1а)

**БАЯН:Предложениялда жаниб причастияб сверел цо суалалъе жаваблъун бач1уна ва предложениялъул цо членлъунги бук1уна:**

***1.Ц1але.Причастиял сверелал рате ва рат1а росун хъвай*.**

Жиндирго напсалдаса чияде рег1уларев,
Чохьой г1оло х1алт1улев х1алихьат нахъег1ан те.
Чвантил к1ал г1ат1идасе к1вараб кумек гьабулел,
Ришваталъ г1орц1уларел бац1ал т1аса хъирщуге.(Ц1.Х1амзат)

***2.Хъвай.Причастиял сверелабазда гъоркь к1ич1-к1ич1араб х1учч ц1ай,кколелъуб запятая лъе.***

Талих1 бихьуларищ хъах1миккиялъул.
Ракълил байрахъалда сурат бахъараб. (З.Х1)
Заманаби рук1ана рак1алдаса унарел.

**Причастиялъул заманаби.**

1)араб заман;
2)бач1унеб заман;
3)г1ахьалаб заман;

***3.Гъалат1 биччач1ого коч1ол мухъал ц1але.Причастиял рате.***
***Кеч1 рек1ехъе ц1ализе лъазабе.***

Васа-вакун т1агъур лъурав,
Т1аргъиниве хъивихъарав,
Хъатиниве гевегарав,
К1игоявгун щурщударав,
Щугоявгун векерарав,
Векерун куй босарав,
Керен ч1ван оц босарав.